Politik Enskripsyon

(Enrollment Policy — Tradiksyon an Kreyòl Ayisyen. Si gen nenpòt diferans ant tradiksyon sa a ak vèsyon orijinal la an angle, se vèsyon angle a ki fè otorite.)

A. Jeneral

Hill View Montessori Charter Public School (HVMCPS) se yon lekòl piblik ki ofri klas depi Matènèl (Kindergarten) rive nan 8yèm ane, e ki gouvène pa lwa ak règleman sou lekòl chatè ak sou edikasyon ki aplikab nan Commonwealth Massachusetts la. HVMCPS enskri yon nouvo klas matènèl chak ane epi li ranpli plas ki vin vid nan chak nivo klas lè ouvèti vin disponib. Lekòl la kenbe epi aplike yon plan pou rekrite ak kenbe elèv jan sa dekri nan G.L. c. 71, § 89(f) ak 603 CMR 1.05(f).

HVMCPS pa dwe fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans oswa relijyon, sèks, idantite seksyèl (gender identity), etnisite, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, laj, zansèt, sitiyasyon sanzabri, plasman nan fanmi dakèy (foster care), sèvis militè, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, konpetans nan lang angle oswa nan yon lang etranje, oswa rezilta akademik anvan, lè l ap rekrite oswa admèt elèv nan aktivite enskripsyon li yo.

Tout moun k ap aplike yo ap resevwa yon notifikasyon alekri, atravè imèl otomatik ki konfime aplikasyon an nan Lotterease, ki fè konnen lekòl la bay akomodasyon ak sèvis sipò pou elèv ki gen bezwen divès, sa gen ladan elèv ki ka gen andikap, ki bezwen edikasyon espesyal, oswa k ap aprann lang angle (English Language Learners). Enfòmasyon sa a pataje tou sou sit entènèt lekòl la ak nan Manyèl Elèv ak Fanmi an (Student and Family Handbook).

HVMCPS pa mande okenn frè aplikasyon pou admisyon, epi li pa itilize ankourajman finansye pou rekrite moun k ap aplike.

Kantite total elèv k ap frekante HVMCPS nan yon ane lekòl done pa ka depase kantite total elèv ki nan rapò pre-enskripsyon lekòl la te soumèt bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a (Department of Elementary and Secondary Education) nan prentan anvan an.

Elèv k ap frekante HVMCPS gen aksè a menm sèvis transpò ke tout lòt elèv vil Haverhill ki frekante lòt Lekòl Piblik Haverhill yo genyen.

HVMCPS pa p divilge ni bay okenn enfòmasyon sou elèv, eksepte jan lalwa egzije sa. Paran ak/oswa gadyen yo ap gen opòtinite pou yo bay konsantman yo oswa refize divilgasyon enfòmasyon sou elèv la. Sou demann, HVMCPS ap bay non ak adrès elèv yo bay yon konpayi lapòs tyès pati pou voye kourye, sòf si paran an oswa gadyen legal la mande pou yo pa bay enfòmasyon sa a. (G.L. c. 71, § 89 (g); 603 CMR 1.05(6)(e)).

B. Kritè Elijibilite

Pou enskri nan HVMCPS, tout moun k ap aplike yo dwe rezidan Massachusetts nan moman aplikasyon an, nan moman yo fè yon òf admisyon, ak pandan tout tan y ap frekante HVMCPS. Eksepte pou elèv ki sanzabri, paran/gadyen yo dwe bay de (2) prèv rezidans valab nan 7 jou anvan yo aksepte yon òf admisyon. Prèv rezidans gen ladan: yon lisans chofè Massachusetts valab paran/gadyen an; yon bòdwo sèvis piblik

(utility bill) ki date nan 60 dènye jou yo; yon tit pwopriyete, yon peman ipotèk oswa yon bòdwo taks sou pwopriyete ki date nan 60 dènye jou yo; yon kontra lokasyon aktyèl, yon akò Seksyon 8, oswa yon deklarasyon sou sèman (affidavit) pwopriyetè kay la; yon fòm W2 ki date nan 60 dènye jou yo; ak/oswa yon kat enskripsyon elektoral. Pou elèv ki ka ap viv nan sitiyasyon sanzabri resevwa yon preferans pou admisyon ki baze sou rezidans aktyèl oswa tanporè yo, yo dwe bay prèv rezidans. Lyezon lekòl la pou moun sanzabri (homeless liaison) ap travay ak elèv ki ka ap viv nan sitiyasyon sanzabri yo, ka pa ka, pou sipòte pwosesis aplikasyon ak enskripsyon yo.

Nenpòt elèv k ap chèche admisyon nan HVMCPS dwe reyisi klas ki vini anvan klas li ap aplike pou li a. Elèv yo ka soumèt bilten nòt, relve nòt (transcripts), plan lekòl lakay ki apwouve, ak/oswa lòt dosye lekòl akseptab, tankou yon deklarasyon sou sèman alekri ki soti nan men yon responsab lekòl, pa pita pase yon semèn anvan dat yo prevwa kòmanse a (sa vle di, premye jou lekòl la). Si yo pa bay prèv ke yo reyisi klas anvan an, òf admisyon an ap anile epi elèv la ap dezenskri nan HVMCPS.

Pou elèv Matènèl (Kindergarten), elèv la dwe gen 5 an deja anvan 31 out ane akademik li ap aplike pou li a.

Pou elèv premye ane, elèv la dwe gen 6 an deja anvan 31 out ane akademik li ap aplike pou li a, si li pa t ale nan matènèl anvan.

HVMCPS pa egzije moun k ap aplike yo ni fanmi yo pou yo patisipe nan entèvyou oswa reyinyon enfòmasyon kòm kondisyon pou enskripsyon. Sepandan, nou ankouraje fanmi ak elèv yo pou yo patisipe nan yon jounen pòt ouvè, fè yon vizit, ak/oswa rankontre ak HVMCPS anvan yo soumèt yon aplikasyon. Menm jan an tou, HVMCPS pa fè egzamen antre ni tès plasman, epi li pa baze enskripsyon sou rezilta okenn tès kapasite oswa tès reyisit, ni sou rezilta akademik anvan elèv la nan lekòl li te ye anvan an.

HVMCPS rezève dwa pou l mete fen nan enskripsyon yon elèv, pou l retire oswa anile nenpòt òf admisyon, oswa pou l dezenskri yon elèv, si yo jwenn ke elèv la ak/oswa paran/gadyen li yo te soumèt fo deklarasyon oswa fo dokiman pandan pwosesis aplikasyon an oswa pandan nenpòt pati nan enskripsyon elèv la nan HVMCPS. Fen enskripsyon an gen ladan tou lè yon elèv pa reyisi nivo klas ki vini anvan sa li ap aplike pou li a (pa egzanp, si yon elèv ap aplike pou 3yèm ane epi li pa reyisi 2yèm ane, li pa elijib ankò pou l frekante HVMCPS). Elèv la ak/oswa paran/gadyen li yo ap resevwa yon notifikasyon alekri, nan lang natif natal paran/gadyen an, sou entansyon lekòl la pou l pran mezi sa a, epi yo ap gen opòtinite pou yo tande anvan yo retire elèv la.

C. Pwosesis Aplikasyon

Pwosesis aplikasyon HVMCPS la pa entegre ak pwosesis Distri Lekòl Piblik Haverhill la ni ak okenn lòt distri. Aplikasyon pou enskripsyon disponib epi yo aksepte yo soti 1ye jiyè rive 31 janvye. Tout elèv, sa gen ladan elèv sanzabri, elèv nan fanmi dakèy ak elèv fanmi militè, gen dwa pou yo aplike nan HVMCPS. Pwosesis aplikasyon an fèt sou entènèt atravè Lotterease, lotterease.com, ke ou ka jwenn tou sou sit entènèt HVMCPS la, hillviewmontessori.org. Nenpòt fanmi ki pa gen aksè a entènèt oswa a yon òdinatè envite vin nan lekòl la, sou randevou, pou chita epi travay ak youn nan Asistan Administratif nou yo pou soumèt aplikasyon yo sou Lotterease. Dat limit pou soumèt aplikasyon pou lotri a pibliye pa pita pase yon mwa anvan yo rive. Okenn enfòmasyon yo mande nan aplikasyon an pa p itilize pou fè diskriminasyon. HVMCPS pa dwe mande okenn frè aplikasyon a okenn moun k ap chèche enskri nan lekòl la.

HVMCPS fè yon sèl lotri enskripsyon prensipal chak ane apre 1ye fevriye, men anvan 15 mas, pou ane lekòl k ap vini an. HVMCPS dwe pibliye dat, lè ak kote lotri a ak yon avi rezonab omwen yon semèn anvan dat lotri a.

D. Pwosesis Lotri

Chak ane, lekòl la ap detèmine kantite plas ki disponib pou ane a, pa nivo klas. Nan sitiyasyon kote gen plis moun elijib k ap aplike nan nenpòt kategori enskripsyon (frè ak sè, rezidan, oswa moun ki pa rezidan) pase kantite plas ki disponib, HVMCPS ap fè yon lotri. (HVMCPS pa dwe fè lotri lè li kapab admèt tout elèv k ap chèche admisyon.)

HVMCPS dwe fè yon sèl lotri pou chak klas kote yo te aksepte aplikasyon pou yon ane lekòl done. Lotri inik sa a ap gen ladan tout moun k ap aplike ki frè/sè, tout moun k ap aplike ki rezidan, ak tout moun k ap aplike ki pa rezidan. Yon sèl lotri pèmèt HVMCPS swiv lòd orijinal lotri a ki fèt owaza, pandan l ap toujou kenbe epi swiv preferans admisyon yo.

Lotri a dwe ouvè pou piblik la, epi enfòmasyon konsènan lotri a dwe pibliye sou sit entènèt HVMCPS la ak sou paj Facebook HVMCPS la, omwen yon semèn anvan lotri a.

Objektif lotri a se pou HVMCPS detèmine ki moun k ap aplike ki pral resevwa yon òf admisyon.

Se Lotterease k ap tire lotri a, san okenn koneksyon ak HVMCPS. Lotterease ap tire owaza non tout elèv ki te soumèt aplikasyon anvan dat limit la. Tout moun k ap aplike ka wè rezilta lotri a an tan reyèl. Tout moun k ap aplike ap resevwa yon nimewo lotri owaza pou etabli lòd klasman inisyal owaza lotri a. Apre lòd klasman inisyal owaza lotri a kreye, y ap aplike preferans pou admisyon yo. Y ap fè òf admisyon jiskaske tout plas ki disponib yo ranpli. Apre plas ki disponib yo ranpli, Lotterease ap mete elèv ki pa t seleksyone pandan lotri a sou yon lis datant, nan lòd yo te tire yo a, pandan l ap pran an konsiderasyon tou preferans pou admisyon yo.

Elèv yo resevwa notifikasyon ke y ap ofri yo admisyon nan HVMCPS atravè yon imèl otomatik ki soti nan Lotterease, yon apèl telefonik ak yon imèl ki soti nan men yon Asistan Administratif HVMCPS.

Preferans enskripsyon yo dwe bay nan lòd sa a:

- Frè ak sè elèv (rezidan oswa pa rezidan) ki deja ap frekante HVMCPS nan moman yo fè yon òf admisyon
- Elèv ki abite nan vil oswa komin kote HVMCPS sitiye a
- Elèv ki pa abite nan vil oswa komin kote HVMCPS sitiye a

Pou objektif politik sa a, “frè ak sè” defini kòm timoun ki gen yon paran an komen, swa byolojikman swa legalman atravè adopsyon. (M.G.L. c. 69, § 1B; c. 71, § 89; 603 CMR 1.02)

Si pwosesis enskripsyon inisyal HVMCPS la pa rive ranpli plas ki disponib yo, HVMCPS ap repete pwosesis lotri a epi l ap bay omwen yon mwa avi anvan dat limit aplikasyon an. Lè plas vin disponib pandan ane lekòl la, HVMCPS ka repete pwosesis enskripsyon an pou ranpli ouvèti sa yo. (M.G.L. c. 70, § 89(n). 603 CMR 1.05 (8))

Nan ka kote ofri admisyon bay yon elèv ki sou lis datant lan, ki pa frè/sè yon lòt elèv k ap frekante HVMCPS kounye a, ta depase plafon frè eskolarite chatè distri a (district charter tuition cap), yo dwe sote elèv sa a men kenbe l sou lis datant lan. Nan ka kote enskripsyon yon elèv ki frè/sè yon elèv ki deja ap frekante HVMCPS ta depase plafon frè eskolarite lekòl chatè distri a, epi lekòl la pa t admèt lòt elèv anvan li admèt frè/sè a, yo ka ofri frè/sè a admisyon epi Commonwealth Massachusetts la ap bay frè eskolarite pou frè/sè a, sou rezèv apwopriyasyon bidjetè. G.L. c. 71, § 89(i)(2); 603 CMR 1.05(10)(b).

E. Lis Datant

Lè kantite moun k ap aplike egzije sa, HVMCPS dwe kenbe yon sèl lis datant pou klas kote lekòl la te aksepte aplikasyon ane sa a, pandan l ap pran an konsiderasyon preferans pou admisyon ki baze sou estati frè/sè, estati rezidan, estati moun ki pa rezidan, ak lòd klasman orijinal owaza lotri a. Elèv ki sou lis datant yo ka resevwa enfòmasyon sou yon òf admisyon pa lapòs, imèl, oswa telefòn.

HVMCPS rekonèt ke lòd plasman yon elèv sou lis datant lan ka chanje selon preferans ki egziste nan moman yo fè yon òf admisyon (pa egzanp, yon elèv ka monte sou lis datant lan si frè/sè yon elèv ki sou lis datant lan kòmanse frekante HVMCPS, oswa si elèv ki sou lis datant lan te vin yon “moun k ap aplike ki rezidan” ant dat lotri a ak òf admisyon an). Se responsablite fanmi elèv ki sou lis datant yo pou avèti lekòl la sou nenpòt chanjman rezidans ki ka afekte pozisyon elèv yo sou lis datant lan.

HVMCPS dwe kenbe dosye egzak sou lis datant li a, ki gen ladan non (prenon, dezyèm prenon, non fanmi), dat nesans, vil oswa komin rezidans, nimewo telefòn, ak nivo klas elèv ki te antre nan lotri a men ki pa t jwenn admisyon. HVMCPS dwe kenbe lis datant li a sèlman pou ane lekòl elèv yo te aplike pou li a. Yon nouvo lis datant dwe kreye apre chak lotri pou ane lekòl k ap vini an. Lis datant yo pa p transfere soti nan yon ane pou ale nan yon lòt. Si yo pa admèt yo pandan yon peryòd enskripsyon, elèv ki pa admèt yo dwe aplike ankò pou ane k ap vini an.

Lè yon plas vin ouvè, HVMCPS dwe avèti fanmi an epi mande prèv rezidans, prèv estati frè/sè, ak prèv reyisit klas anvan an. Prèv rezidans dwe bay nan 7 jou apre demann lan, anvan òf admisyon an; sinon, plas la ap ofri bay pwochen elèv ki sou lis datant lan.

Si yon elèv refize yon òf admisyon nan HVMCPS, elèv sa a dwe aplike ankò nan yon pwosesis aplikasyon k ap vini.

Lè yon elèv kite HVMCPS pou nenpòt rezon, an akò ak politik retrè lekòl la, lekòl la ap ranpli plas vid la nan menm nivo klas la apati lis datant lan. Si pa gen lis datant pou klas sa a, lekòl la ap fè yon lòt sik aplikasyon pou klas sa a jiskaske plas la ranpli.

Plas ki vin vid yo ap kontinye ranpli jiska fen ane lekòl la. Si yon plas vid pa ranpli apre 15 fevriye, plas vid sa a pase nan klas k ap vini an, pou yo ranpli l nan ane lekòl k ap vini an, eksepte pou plas vid ki ka rive nan 8yèm ane.

F. Kondisyon Enskripsyon

Tout elèv ki resevwa òf enskripsyon dwe konfime akseptasyon yo nan 7 jou. Tout timoun yo aksepte pou enskripsyon, swa dirèkteman atravè lotri a swa apati lis datant lan, ap resevwa yon pake Dokiman Enskripsyon (Registration Paperwork), ki dwe ranpli nan 7 jou apre yo resevwa l. Elèv ki admèt ki pa

soumèt dokiman enskripsyon yo nan tan ki akòde a pa p kapab kòmanse frekante lekòl la. Elèv yo ap gen pèmisyon pou frekante lekòl la yon fwa tout dokiman enskripsyon yo soumèt.

Anvan HVMCPS fè yon òf admisyon, HVMCPS rezève dwa pou l verifye adrès yon moun k ap aplike yon lòt fwa, nan etap sa a, lè l mande prèv rezidans. Egzanpsyon yo gen ladan elèv ki ka ap viv nan sitiyasyon sanzabri, jan lwa McKinney-Vento defini sa. Fanmi yo ap travay ak lyezon lekòl la pou moun sanzabri pou detèmine sitiyasyon sanzabri a epi pou ede yo konplete pwosesis aplikasyon an. Lyezon an ap jere prèv rezidans yo ka pa ka, yon fason pou l pa gen efè negatif sou sitiyasyon lojman aktyèl fanmi an.

Tout elèv ap oblije bay prèv, sou fòm relve nòt pèmanan (permanent transcripts), ke yo pral konplete klas aktyèl yo, yon semèn anvan dat yo prevwa kòmanse a (sa vle di, premye jou lekòl la). HVMCPS ap ede rasanble dokiman sa yo pou elèv ki ka sanzabri oswa ki nan fanmi dakèy.

Omwen yon paran/gadyen dwe siyen aplikasyon an pou aplikasyon elèv la konsidere kòm valab. HVMCPS pa egzije siyati tou de paran yo, sòf si yon òdonans tribinal endike lòt bagay pou yon moun k ap aplike an patikilye.

Aplikasyon an pa egzije pou yo soumèt nimewo sekirite sosyal elèv la.

Okenn enfòmasyon yo mande nan aplikasyon an, tankou lang yo pale lakay oswa ras/etnisite, pa p itilize pou fè diskriminasyon. (G.L. c. 71, § 89; 603 CMR 1.05 (2))

Si yon moun k ap aplike admèt epi li enskri nan HVMCPS, aplikasyon li an vin fè pati dosye elèv la epi li dwe konsève an akò ak lwa ak règleman ki gouvène dosye edikasyon yo. Moun k ap aplike ki pa resevwa yon òf admisyon gen dwa pou yo resevwa yon kopi anvan yo detwi l an akò ak 603 CMR 23.00.

Si yon moun k ap aplike pa admèt oswa li chwazi pa enskri nan HVMCPS, lekòl la dwe konsève aplikasyon timoun sa a kòm yon dosye elèv tanporè pandan 7 ane apre non elèv la pa sou lis datant lan ankò.

Elèv yo dwe kòmanse frekante lekòl la, an akò ak politik prezans HVMCPS la, nan dis (10) jou apre dat yo prevwa kòmanse a (sa vle di, premye jou lekòl la). Si yo pa frekante lekòl la an akò ak politik prezans lekòl la, elèv la ap dezenskri. Elèv la dwe aplike ankò pou admisyon nan yon pwosesis aplikasyon k ap vini pou yo konsidere l ankò pou enskripsyon. Anplis, elèv ki refize yon òf admisyon oswa ki kite HVMCPS dwe aplike ankò pou admisyon nan yon pwosesis aplikasyon k ap vini pou yo konsidere yo ankò pou enskripsyon.